Saytaane day dikkal kenn ci yéen, di ko wax naan: ku bind lii? Ku bind lii? Ba mujj mu ne ko: ku bind sa Boroom? Bu àggee fii nag na muslu ci Yàlla te yamale ko fa

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «Saytaane day dikkal kenn ci yéen, di ko wax naan: ku bind lii? Ku bind lii? Ba mujj mu ne ko: ku bind sa Boroom? Bu àggee fii nag na muslu ci Yàlla te yamale ko fa».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne faj gi gën ci laaj yi Saytaane di jax-jaxale aji-gëm ji, Saytaane naan ko: ku bind lii? Ku bind lii? Ku bind asamaan yi? Ku bind suuf si? Aji-gëm ji di tontu teg ko ci diine ak ci yég-yég ak ci xel naan ko: Yàlla, Waaye Saytaane du yam ci jax-jaxal yooyu, waaye day tuxu ba mujj ne ko: ku bind sa Boroom? Ci loolu nag aji-gëm ji day jeñ jax-jaxal yooyu ci ñatti mbir: Ci gëm Yàlla. Ak muslu ci Yàlla ci Saytaane. Ak taxawlu ci bañ a topp jax-jaxal yi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65013